




Re-ouvèti New York

Direktiv pou Enstalasyon Eski pou Anplwayè ak Anplwaye yo



NEW
YORK
STATE

Enstriksyon sa yo aplike pou tout etablisman ski yo (1) ki opere nan pant montay yo, nan fon yo, oswa zòn oswa atikivite ki gen rapò ak ski yo, (2) ki opere ekipman, tankou remonte mekanik ak remòkè yo, ak/oswa (3) ki bay sèvis manje ak bwason, sèvis lokasyon ekipman yo, ak sèvis enstriksyon ski yo. Estasyon ski yo dwe genyen pèsònèl ki disponib pou asire konfòmite avèk pwovizyon direktiv sa a. Gade "[Direktiv Pwovizwa pou Enstalasyon Eski yo pandan COVID-19](#)" (Interim COVID-19 Guidance for Ski Facilities) pou detay konplè.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyetè/operatè enstalasyon eski yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman egzijans eta a ak federal ki gen rapò ak enstalasyon eski yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Objektif enstwiksyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Distans Fizik	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Limite kapasite total ebalisman ski a pou asire ke yon distans omwen 6 pye kapab kenbe pami moun yo, gen ladan anplwaye yo ak kliyan yo, sòf pou moun yo ki se manm menm pati/kay/fanmi. Yo dwe pèmèt anplwaye yo ak kliyan yo antre nan etablisman ak pwopriyete ski a sèlman si yo: <ul style="list-style-type: none"> • Pote yon kouvèti pou figi ki akseptab toutan, sòf si yo ap manje, bwè (pa egzanzp, chita nan zòn ki dezinye), oswa aktivman angaje nan fè ski, depi ke yo gen plis pase laj 2 ane epi ke yo kapab tolere medikalman kouvèti sa a. • Enskri lè yo ap antre nan etablisman an (oswa adistans), nan bay non konplè yo, adrès yo, ak nimewo telefòn yo pou itilizasyon nan efò pou retrase kontak yo. Etablisman an dwe kenbe yon dosye done enskripsyon yo pandan yon peryòd minimòm 28 jou epi rann done sa yo disponib pou depatman sante Eta a lokal yo sou demann. • Si sa aplikab (pa egzanzp anplwaye yo, kliyan yo ki ap resevwa enstriksyon), konplete epi pase yon depistaj sante chak jou, jan sa dekri anba la a. ✓ Aplike yon limit kapasite nan pwopriyete espesifik pou zòn deyò yo pandan jou ki gen anpil moun yo pou asire ke kantite kliyan yo nan espas la nan nenpòt moman pa mete an danje kapasite anplwaye yo pou aplike, ak kliyan yo pou konfòme yo avèk, egzijans ki genyen nan direktiv sa a. <ul style="list-style-type: none"> • Etablisman sa a dwe idantifye jou ki pi okipe yo nan sezon pase yo a, jan sa defini pa rapò ak kantite kliyan yo ki te vizite espas yo a, epi adopte chanjman operasyonèl yo pou redwi dansite ak pwobabilite pou ransanbleman nan jou sa yo. ✓ Limite kapasite anedan nenpòt espas nan paviyon an ak pa plis pase 50%, san anplwaye yo pa ladan. Yo dwe pèmèt tout moun antre nan paviyon an sèlman si yo pote yon kouvèti pou figi, depi kliyan an gen plis pase laj 2 ane epi li kapab tolere medikalman kouvèti sa a. ✓ Asire ke yo kenbe distans 6 pye pami moun yo toutan, sòf si sekirite oswa aktivite prensipal la egzije yon distans ki pi kout (pa egzanzp, ede yon skiyè ki tonbe), sòf pou manm menm pati /kay/fanmi imedy a. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Konsidere chanjman operasyonèl annapre yo pou redwi kapasite nan jou ki gen anpil moun yo: <ul style="list-style-type: none"> • Limite lavant tikè chak jou/pas pou jounen yo ak pa plis pase 75% lavant mwayèn/istorik yo pou jou ki gen gwo volim moun yo; • Pèmèt sèlman pas manm/sezon yo pou itilize etablisman an ak espas yo; • Asire pèsònèl sifizan prezan nan espas ki gen dansite anplis pou anpeche rasanbleman yo; • Etann èdtan operasyon yo pou etann gwo volim kliyan yo sou tan anplis; epi/oswa • Aplike lòt mezi kapasite pou rediksyon yo (pa egzanzp, nan fèmen 25% nan plas/espas paking yo). ✓ Ankouraje kliyan yo pou limite tan nan paviyon yo nan entèval ki kout pou pèmèt distans sosyal ki apwopriye. ✓ Konsidere metòd altènativ pou ogmante espas paviyon disponib (pa egzanzp estrikti tanporè yo, teras ki chofe yo) pou fasilite distans sosyal ki apwopriye. ✓ Ouvri fenèt gondòl yo pou asire fli lè ki ogmante. ✓ Voye tikè yo te ache avan yo davans epi itilize tikè ki ka rechaje pou evite konjèsyon nan pwen lavant tikè yo. ✓ Ankouraje itilizasyon opsyon peman san kontak yo, lè yo disponib, nan minimize jesyon lajan kach, kat kredi, tikè pou remonte yo, kat rekonpans yo, ak aparèy mobil yo, kote sa posib. ✓ Navèt ski yo: <ul style="list-style-type: none"> • Mete anplas mezi pou ankouraje distans sosyal, nan itilize tep, pano, oswa lòt makè yo. • Asire fènèt yo rete ouvri, nan mezi sa posib. • Asire yo reyalize anbakeman, chajman, ak dechajman nan yon fason ki òdone pou evite kontak sere. • Bay dezenfektan pou men abaz alkòl pou kliyan yo ki ap antre/soti yo, nan mezi sa posib. ✓ Chanje itilizasyon ak/oswa mete restriksyon sou kantite pòs travay ak zòn pou anplwaye chita yo, yon jan pou moun yo gen yon distans omwen 6 pye ki separe yo youn de lòt.

WEAR A MASK.


GET TESTED.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York

Direktiv pou Enstalasyon Eski pou Anplwayè ak Anplwaye yo



Enstriksyon sa yo aplike pou tout etablisman ski yo (1) ki opere nan pant montay yo, nan fon yo, oswa zòn oswa atikivite ki gen rapò ak ski yo, (2) ki opere ekipman, tankou remonte mekanik ak remòkè yo, ak/oswa (3) ki bay sèvis manje ak bwason, sèvis lokasyon ekipman yo, ak sèvis enstriksyon ski yo. Estasyon ski yo dwe genyen pèsònèl ki disponib pou asire konfòmite avèk pwovizyon direktiv sa a. Gade "[Direktiv Pwovizwa pou Enstalasyon Eski yo pandan COVID-19](#)" (Interim COVID-19 Guidance for Ski Facilities) pou detay konplè.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyetè/operatè enstalasyon eski yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman egzijans eta a ak federal ki gen rapò ak enstalasyon eski yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Objektif enstwiksyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Distans Distans (kontinje)	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Asire moun ki pa nan menm pati imedya yo/kay/fanmi kenbe omwen distans 6 pye pandan yo ap tann, ak pandan yo nan remonte mekanik yo. ✓ Asire patisipan nan remonte mekanik yo disponib pou ede avèk aranjman chèz yo pou gondòl/remonte mekanik yo, patikilyèman sila yo ki ka pran 4 oswa plis moun. ✓ Asire yo rezève gondòl yo pou moun ki soti nan menm pati/kay/fanmi imedya; eksepte 2 grenn moun oswa doub ki soti nan pati/kay/fanmi diferan gendwa chita sou pwent gondòl ki opoze si yo pa kapab kenbe distans sosyal. ✓ Ankouraje kliyan yo pou achte tikè yo davans atravè pwosesis tikè ki aplike pou etablisman an (pa egzanp, pòtay anliy, apèl davans, kòmman pa imèl, kòlèk fizik nan moman ke yo aranje davans yo). ✓ Plase endis vizyèl pou make distans 6 pye oswa plis nan liy pou kòlèk tikè yo ak lòt liy datant etablisman an. ✓ Asire ke kapasite ak operasyon yo andedan navèt ski yo respekte "Direktiv COVID-19 Pwovizwa pou Transpò" (Interim COVID-19 Guidance for Public Transportation) DOH la. <ul style="list-style-type: none"> • Aplike pwotokòl pou navèt ski ki reflekte fason ke yo pral adapte yo pou kenbe kliyan ak anplwaye yo an sekirite (pa ezanp, fason manm menm pati /kay/fanmi yo pral chitan ansanm, fason yo pral respekte distans sosyal nan navèt yo, ak si wi oswa non yo pral adapte kalandriye yo). ✓ Mete anplas mezi pou redwi sikilasyon apye nan nan toude sans yo pou kliyan pou kliyan yo. ✓ Mete anplas pratik pou distans sosyal nan zòn ki piti yo, tankou vestyè yo, twalèt ak sal repo yo. ✓ Asire ke moun pa pataje ekipman ski, patikilyèman ekipman lokasyon yo, san yo netwayaj/dezenfeksyon apre chak itilizasyon, sòf si yo se manm menm pati/kay/fanmi. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Enstale baryè fizik an akò ak enstriksyon OSHA yo nan zòn kote yo pa tap afekte sikilasyon lè a, chofaj, oswa vantilasyon an. ✓ Repati tan yo pou kliyan yo nan antre ak/oswa sòti liy remonte mekanik yo pou redwi konjesyon oswa ankobreman kliyan yo. ✓ Ankouraje kliyan yo pote pwòp ekipman ski pa yo (pa egzanp bòt yo, ski yo, kask) nan mezi sa posib. ✓ Itilize randevou oswa rezèvasyon pou lokasyon ski, ak/oswa enskripsyon davans pou aktivite nan montay yo (pa egzanp, leson yo, kous yo) pou asire respè restriksyon kapasite yo. ✓ Ankouraje kòmman davans/kòlèk deyò pou ekipman lokasyon yo pou diminye moun ki andedan yo, ✓ Afiche sinyalizasyon ak makè distans yo ki endike espas 6 pye nan tout zòn yo itilize an komen yo ak nenpòt zòn moun gendwa rasanble (pa egzanp, sal repo yo, zòn pou moun pran ekipman yo, vestyè yo). ✓ Ankouraje kliyan ki nan leson ski an gwoup yo pou yo soti nan menm pati/kay/fanmi. ✓ Kote sa posib, reyalize leson pou granmoun yo nan anviwònman gwoup yo ak leson pou timoun yo an prive oswa anviwònman endividyèl pou justifye kapasite pou kenbe distans sosyal ak respekte egzijans kouvèti pou figi yo. ✓ Kote sa posib, limite kantite antre yo nan mezi ke sa ede jere fli sikilasyon an andedan zòn etablisman ski a oswa espas paviyon an. ✓ Konsidere etann zòn moun chita pou sèvis manje deyò yo, ansanm ak opsyon pran manje epi ale yo pou yo ka konsome nan zòn moun chita pou sèvis manje deyò yo, pou diminye okipasyon zòn andedan yo. ✓ Ankouraje kliyan yo kòmmande manje ak bwason yo adistans epi mete atik yo disponib pou kòlèk sou kontwa yo.

WEAR A MASK.


GET TESTED.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York

Direktiv pou Enstalasyon Eski pou Anplwayè ak Anplwaye yo



NEW
YORK
STATE

Enstriksyon sa yo aplike pou tout etablisman ski yo (1) ki opere nan pant montay yo, nan fon yo, oswa zòn oswa ativite ki gen rapò ak ski yo, (2) ki opere ekipman, tankou remonte mekanik ak remòkè yo, ak/oswa (3) ki bay sèvis manje ak bwason, sèvis lokasyon ekipman yo, ak sèvis enstriksyon ski yo. Estasyon ski yo dwe genyen pèsònèl ki disponib pou asire konfòmite avèk pwovizyon direktiv sa a. Gade "[Direktiv Pwovizwa pou Enstalasyon Eski yo pandan COVID-19](#)" (Interim COVID-19 Guidance for Ski Facilities) pou detay konplè.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyete/operatè enstalasyon eski yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman egzijans eta a ak federal ki gen rapò ak enstalasyon eski yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Objektif enstwiksyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Distans Distans (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Ni pou leson ski prive ak an gwoup yo: <ul style="list-style-type: none"> • Itilize randevou, rezèvasyon, enskripsyon adistans, ak/oswa enskripsyon adistans yo pou trase kapasite. • Asire kliyan ki ap patisipe nan kou yo oswa nan leson yo genyen depistaj sante chak jou, jan sa dekri anba a, avan enstriksyon an. • Asire ke moun yo kenbe distans sosyal apwopriye epi pote kouvèti pou figi ki akseptab. Yo otorize kontak okazyonèl, rapid pou adrese yon risk sekirite oswa sante men yo dwe fè sa nan tan ki pi piti posib. • Limite kantite patisipan yo nan 10 oswa mwens moun pou leson granmoun yo ak 6 oswa mwens opou chak leson yo, san enstriktè (yo) pa ladan. ✓ Fèmen enstalasyon yo, kote sa aplikab, gen ladan beny bouyan yo, sona yo, ak chanm vapè yo; douch komen yo; ba ak echantiyonè moun sèvi tèt yo a. ✓ Asire ke nenpòt zòn pwofesyonèl antrènman ak kous ski ki ap opere an akò ak "Direktiv Pwovizwa COVID-19 pou Etablisman Antrènman Espòtif Pwofesyonèl"! Depatman Sante (Department of Health, DOH) la oswa "Direktiv Pwovizwa COVID-19 pou Konpetisyon Espòtif Pwofesyonèl ki pa gen Okenn Fanatik" DOH la, respektivman. ✓ Siveye ak kontwòle fli sikilasyon ki mnenen nan ak andedan zòn etablisman yo, gen ladan men san sa pa limite ak paviyon ski yo, liy pou remonte mekanik yo, ak kontwa pou lokasyon ski yo, pou asire respè egzijans pou kapasite ak distans yo. <ul style="list-style-type: none"> • Plase endis vizib yo pou endike distans 6 pye nan nenpòt liy yo (pa egzan, kòlèk tikè yo, sèvis manje). ✓ Asire ke nenpòt sèvis ki ap opere an akò ak "Direktiv Pwovizwa COVID-19 pou Sèvis Manje" (Interim COVID-19 Guidance for Food Services) DOH la. ✓ Asire ke lokasyon ski yo opere an akò avèk "Direktiv Pwovizwa COVID-19 pou Aktivite Lokasyon, an Detay, ak Netwayaj yo" (Interim COVID-19 Guidance for Retail Rental, Repair, and Cleaning Activities) DOH la. ✓ Asire ke kliyan yo ak antrenè yo kenbe distans nan mezi maksimòm posib, konsidere kontak okazyonèl, rapib (pa egzanp, ede nan atache bòt ski yo), ke yo dwe reyalize nan mwens kantite tan posib. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Pwograme pa faz aktivite re-ouvèti pou pèmèt pwoblèm operasyonèl yo rezoud avan aktivite yo retounen nan nivo nòmal yo. <ul style="list-style-type: none"> • Priyorize aksè bonè pou moun ki gen pas sezon bonè yo ak/oswa kliyan lokal yo kòm vizit yo ap ogmante nan kòmansman jou ak semèn operasyon yo. • Konsidere nenpòt revizyon ki apwopriye sou anilasyon tikè yo ak politik ranbousman yo pou ankouraje nenpòt kliyan ki malad rete lakay.

WEAR A MASK.


GET TESTED.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York

Direktiv pou Enstalasyon Eski pou Anplwayè ak Anplwaye yo



Enstriksyon sa yo aplike pou tout etablisman ski yo (1) ki opere nan pant montay yo, nan fon yo, oswa zòn oswa atikivite ki gen rapò ak ski yo, (2) ki opere ekipman, tankou remonte mekanik ak remòkè yo, ak/oswa (3) ki bay sèvis manje ak bwason, sèvis lokasyon ekipman yo, ak sèvis enstriksyon ski yo. Estasyon ski yo dwe genyen pèsònèl ki disponib pou asire konfòmite avèk pwovizyon direktiv sa a. Gade "[Direktiv Pwovizwa pou Enstalasyon Eski yo pandan COVID-19](#)" (Interim COVID-19 Guidance for Ski Facilities) pou detay konplè.


Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyete/operatè enstalasyon eski yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman egzijans eta a ak federal ki gen rapò ak enstalasyon eski yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Objektif enstwiksyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Sistèm Tretman Lè ak Sistèm Batiman yo	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Pou enstalasyon eski ki gen sistèm lè santral, asire filtrasyon sistèm HVAC santral la reponn ak filtrasyon ki pi eleve ki konpatib ak sipò filtè a ak sistèm tretman lè ki aktyèlman enstale, o minimòm MERV-13, oswa ekivalan oswa pi plis a endistri a, jan sa aplikab, ak jan sa sètifye ak dokimante pa yon teknisyen sètifye, pwofesyonèl, oswa konpayi HVAC, pwofesyonèl sètifye ASHRAE, pwofesyonèl retwo komisyon sètifye, oswa enjenyè an batiman ki gen lisans pwofesyonèl New York. ✓ Pou enstalasyon eski ki gen sistèm tretman lè santral ki pa ka trete nivo filtrasyon minimòm ki endike anwo a (sa vle di, MERV-13 oswa pi plis), gen yon teknisyen sètifye, pwofesyonèl, oswa konpayi HVAC, pwofesyonèl sètifye ASHRAE, pwofesyonèl retwo komisyon sètifye, oswa enjenyè an batiman ki gen lisans pwofesyonèl New York ki sètifye epi dokimante ke sipò filtè ki aktyèlman enstale a pa konpatib ak nivo filtrasyon minimòm ki endike anwo a ak/oswa sistèm tretman lè a pa ta kapab an mezi pou fonksyone nivo minimòm chofaj ak refwadisman ke li te otreman kapab founi anvan ijans sante piblik COVID-19 la si yo te enstale yon degre filtrasyon elve konsa (sa vle di, MERV-13 oswa pi plis). <ul style="list-style-type: none"> • Konsève dokiman sa a pou ofisyèl depatman sante Eta oswa lokal yo revize pou li fonksyone nan yon nivo filtrasyon ki pi piti avèk pwotokòl sou rediksyon vantilasyon ak filtrasyon lè anplis. ✓ Enstalasyon ki gen yon sistèm tretman lè santral ki pa kapab satisfè yon to filtrasyon MERV-13 oswa pi plis dwe adopte pwotokòl reduiksyon vantilasyon ak/oswa filtrasyon lè adisyonèl dapre rekòmandasyon CDC ak ASHRAE yo, enkli: <ul style="list-style-type: none"> • Pèfòme retwo komisyonin nesèsè nan sistèm santral yo, ansanm ak teste, balanse, ak repare jan sa nesèsè; • Ogmante nivo ayerasyon yo ak ayerasyon lè ki soti deyò yo nan limit ki posib; • Kenbe sistèm nan an mach pou plis tan, espesyalman pou plizyè èdtan chak jou anvan ak apre okipasyon; 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Pou etablisman yo ki gen filtrasyon sistèm HVAC nan yon minimòm MERV-13, oswa endistri ki ekivalan oswa pi gran, konsidere adopte vantilasyon anplis ak pwotokòl sou rediksyon filtrasyon lè dapre rekòmandasyon CDC ak ASHRAE yo, patikilyèman pou batiman yo ki gen sistèm jesyon lè ki pi ansyen pase 15 ane yo,. <ul style="list-style-type: none"> • Pèfòme retwo komisyonin nesèsè nan sistèm santral yo, ansanm ak teste, balanse, ak repare jan sa nesèsè; • Ogmante nivo ayerasyon yo ak ayerasyon lè ki soti deyò yo nan limit ki posib; • Kenbe sistèm nan an mach pou plis tan, espesyalman pou plizyè èdtan chak jou anvan ak apre okipasyon; • Dezaktive vantilasyon sou demand, kote rezonab, epi kenbe sistèm ki ogmante apwovizyonman lè fre; • Kenbe yon imidite relativ ant 40-60% kote sa posib; • Ouvri bouch ayerasyon lè deyò yo pou ka redwi oswa elimine resiklaj lè yo nan limit ki posib; • sele bò filtè a pou limite pasaj; • Regilyèman enspekte sistèm ak filtè yo pou asire ke yo byen ap fonksyone, epi ke filtè yo byen enstale, si yo fè sèvis ladan yo epi yo nan dire tan sèvis yo; • Ouvè fenèt yo nan limit ki akseptab pou sekirite ak konfò okipasyon; • Enstale iradyasyon jèmisid iltravyolet (UVGI) ki fèt ak deplwaye yon fason ki apwopriye pou dezaktive patikil viris ayeryèn yo; ak/oswa • Itilize pwodui netwayaj lè pòtab (eg, inite elektrik HEPA), konsidere inite ki bay pi gwo to chanjman lè nan nivo pèfòmans apwopriye epi ki pa jenere sou-pwodui ki danjere.



Re-ouvèti New York

Direktiv pou Enstalasyon Eski pou Anplwayè ak Anplwaye yo



Enstriksyon sa yo aplike pou tout etablisman ski yo (1) ki opere nan pant montay yo, nan fon yo, oswa zòn oswa atikivite ki gen rapò ak ski yo, (2) ki opere ekipman, tankou remonte mekanik ak remòkè yo, ak/oswa (3) ki bay sèvis manje ak bwason, sèvis lokasyon ekipman yo, ak sèvis enstriksyon ski yo. Estasyon ski yo dwe genyen pèsonèl ki disponib pou asire konfòmite avèk pwovizyon direktiv sa a. Gade "[Direktiv Pwovizwa pou Enstalasyon Eski yo pandan COVID-19](#)" (Interim COVID-19 Guidance for Ski Facilities) pou detay konplè.


Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyete/operatè enstalasyon eski yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman egzijans eta a ak federal ki gen rapò ak enstalasyon eski yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Objektif enstwiksyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
<p>Sistèm Tretman Lè ak Sistèm Batiman yo (kontinye)</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Dezaktive vantilasyon sou demand, kote rezonab, epi kenbe sistèm ki ogmante apwovizyonman lè fre; • Kenbe yon imidite relativ ant 40-60% kote sa posib; • Ouvri bouch ayerasyon lè deyò yo pou ka redwi oswa elimine resiklaj lè yo nan limit ki posib; • sele bò filtè a pou limite pasaj; • Regilyèman enspekte sistèm ak filtè yo pou asire ke yo byen opere, ak si filtè yo byen enstale, si yo fè sèvis ladan yo ak pandan dire de tan yo; • Ouvè fenèt yo nan limit ki akseptab pou sekirite ak konfò okipan an; • Enstale iradyasyon jèmisid ultravyolèt (UVGI) ki fèt ak deplwaye yon fason ki apwopriye pou dezaktive patikil viris ayeryèn yo; ak/oswa • Itilize pwodui netwayaj lè pòtab (eg, inite elektrik HEPA), konsidere inite ki bay pi gwo to chanjman lè nan nivo pèfòmans apwopriye epi ki pa jenerere sou-pwodui ki danjere. <p>✓ Enstalasyon ki pa gen sistèm jesyon lè santral yo dew adopte pwotokòl sou rediksyon vantilasyon ak filtrasyon lè anplis dapre rekòmandasyon CDC ak ASHRAE yo, gen ladan:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Regilyèman enspekte nenpòt sistèm vantilasyon chanm yo (egzanp, inite fenèt yo, inite mi yo) pou asire ke yo fonksyone kòrèkteman, epi ke filtè yo byen enstale, ke yo fè sèvis ladan yo pandan dire tan sèvis la. • Kenbe nenpòt sistèm vantilasyon chanm yo an mach pou plis tan, espesyalman pou plizyè èdtan chak jou anvan ak apre okipasyon; • Etabli sistèm vantilasyon chanm pou maksimize konsomasyon lè fre, fikse vantilatè yo a vitès ki ba ak mete yo lwen okipan nan limit ki posib; • Kenbe yon imidite relativ ant 40-60% kote sa posib; • Ouvè fenèt yo nan limit ki akseptab pou sekirite ak konfò okipan an; • Fikse nenpòt vantilatè plafon pou rale lè k'ap soti anlè a lwen okipan yo, si sa posib; • Priyorite vantilatè fenèt yo pou evakye lè andedan an lè sa posib; 	



Re-ouvèti New York

Direktiv pou Enstalasyon Eski pou Anplwayè ak Anplwaye yo



Enstriksyon sa yo aplike pou tout etablisman ski yo (1) ki opere nan pant montay yo, nan fon yo, oswa zòn oswa ataktivite ki gen rapò ak ski yo, (2) ki opere ekipman, tankou remonte mekanik ak remòkè yo, ak/oswa (3) ki bay sèvis manje ak bwason, sèvis lokasyon ekipman yo, ak sèvis enstriksyon ski yo. Estasyon ski yo dwe genyen pèsònèl ki disponib pou asire konfòmite avèk pwovizyon direktiv sa a. Gade "[Direktiv Pwovizwa pou Enstalasyon Eski yo pandan COVID-19](#)" (Interim COVID-19 Guidance for Ski Facilities) pou detay konplè.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyetè/operatè enstalasyon eski yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman egzijans eta a ak federal ki gen rapò ak enstalasyon eski yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Objektif enstwiksyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Sistèm Tretman Lè ak Sistèm Batiman Lè (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> Evite sèvi avèk vantilatè ki sèlman resikle lè oswa sèlman soufle lè nan yon chanm san yo pa founi evakyasyon; ak/oswa Enstale iradyasyon jèmisid ultravyolèt (UVGI) ki fèt ak deplwaye yon fason ki apwopriye pou dezaktive patikil viris ayeryèn yo; ak/oswa Itilize pwodui netwayaj lè pòtab (eg, inite elektrik HEPA), konsidere inite ki bay pi gwo to chanjman lè nan nivo pèfòmans apwopriye epi ki pa jenere sou-pwodui ki danjere. <p>✓ Anvan okipman yo retounen nan yon batiman ki te fèmen totalman, konplete verifikasyon, travay, ak evalyasyon anvan retou yo pou kapab asire yon anviwònman ki bon pou sante epi ki sekirize. Sistèm sa yo gen pami yo, men pa sèlman, sistèm mekanik, sistèm dlo, asansè, ak sistèm HVAC yo.</p> <p>(Gade "Direktiv Pwovizwa pou Enstalasyon Jwèt Aza yo pandan COVID-19" pou detay konplè).</p>	
Ekipman Pwotektif	<p>✓ Asire ke tout anplwaye ak kliyan yo pote kouvèti pou figi yo tout tan, ak eksepsyon sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> Yo gendwa otorize moun yo retire kouvèti pou figi yo pwovizwaman pandan yo ap manje oswa bwè, toutotan yo chita epi yo kenbe yon distans 6 pye youn ak lòt, sòf si yo se manm menm pati/kay/fanmi. Yo gendwa otorize moun yo retire kouvèti pou figi yo pwovizwaman pandan yo ap fè ski nan desann montay yo, depi ke yon kenbe yon distans 6 pye youn ak lòt. <p>✓ Bay anplwaye yo mask pou kouvri figi yo san anplwaye yo pa peye.</p> <p>✓ Fòme anplwaye yo sou jan pou yo byen mete, retire, netwaye (jan sa aplikab) ak jete PPE yo.</p> <p>✓ Limite pataj objè yo ak touche sifas ki pataje yo; oswa, egzijan anplwaye yo pote gan lè yo an kontak avèk objè ki pataje yo; oswa, egzijan anplwaye yo fè ijyèn men yo avan ak apre kontak.</p> <p>✓ Ankouraje kliyan yo pote gan ski lè yo monte nan remonte mekanik yo.</p>	<p>✓ Enstale baryè fizik yo, an akò ak enstriksyon OSHA yo, nan kès sòti yo, kyòsk tikè yo, konsesyon yo, oswa pòs tikè yo, jan sa posib ak kote yo pa kapab kenbe distans sosyal.</p>

WEAR A MASK.


GET TESTED.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York

Direktiv pou Enstalasyon Eski pou Anplwayè ak Anplwaye yo



Enstriksyon sa yo aplike pou tout etablisman ski yo (1) ki opere nan pant montay yo, nan fon yo, oswa zòn oswa atakivite ki gen rapò ak ski yo, (2) ki opere ekipman, tankou remonte mekanik ak remòkè yo, ak/oswa (3) ki bay sèvis manje ak bwason, sèvis lokasyon ekipman yo, ak sèvis enstriksyon ski yo. Estasyon ski yo dwe genyen pèsònèl ki disponib pou asire konfòmite avèk pwovizyon direktiv sa a. Gade "[Direktiv Pwovizwa pou Enstalasyon Eski yo pandan COVID-19](#)" (Interim COVID-19 Guidance for Ski Facilities) pou detay konplè.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyetè/operatè enstalasyon eski yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman egzijans eta a ak federal ki gen rapò ak enstalasyon eski yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Objektif enstwiksyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Ijyèn, Netwayaj, ak Dezenfeksyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Asire yo yo respekte egzijans netwayaj ak dezenfeksyon ak pwòpte yo jan CDC ak DOH mande l la ansanm ak "Konsèy pou Netwayaj ak Dezenfekte Espas Piblik ak Prive pou COVID-19 la" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak pano "KANPE PWOPAGASYON AN" (STOP THE SPREAD) jan sa aplikab. Kenbe rejis ki gen ladan dat, tan, ak anvègi netwayaj ak dezenfeksyon yo. ✓ Bay ak kenbe pèsònèl pou men sou nan espas la: <ul style="list-style-type: none"> • Pou lave men yo: savon, dlo cho ki ap koule, ak sèvyèt papye ke yo ka jete. • Pou dezenfekte men: dezenfektan pou men abaz alkòl ki genyen omwen 60% alkòl. • Mete dezenfektan pou men disponib nan tout etablisman ski a pou anplwaye yo ak kliyan yo itilize. ✓ Reyalize netwayaj/dezenfeksyon regilye nan etablisman an ak plis netwayaj/dezenfeksyon souvan pou espas gwo risk yo ak sifas yo touche anpil yo (remonte mekanik yo ak gondòl yo, jan sa aplikab). ✓ Asire ke yo netwaye ak dezenfekte regilyèman (sa vle di, apre chak kliyan) ekipman lokasyon yo (pa egzanp, ski yo, bòt ski yo) nan itilize pwodwi yo ke NYS ak Ajans Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency, EPA) idantifye kòm efikas kont COVID-19. ✓ Vestyè yo ak twalèt yo dwe netwaye ak dezenfekte omwen de (2) fwa pa jou, oswa pi souvan tou depan de frekans itilizasyon an. ✓ Asire ke yo respekte règleman distans yo lè yo itilize siyalizasyon, makè pou endike kote ki okipe yo, oswa lòt metòd pou diminye kapasite twalèt yo lè sa posib. ✓ Asire ke estasyon pataje yo (egzanp, biwo kontwòl yo) yo netwaye ak dezenfekte yo ant itilizasyon pou chak anplwaye diferan. ✓ Asire ke objè ki pataje yo (ap egzanp, aparèy pou peman yo), zòn (pa egzanp, zòn pou chita yo), ak/oswa sifas yo netwaye ak/ dezenfekte chak jou, ominimòm. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Yo ta dwe enstale distribitè dezenfektan san kontak kote sa posib. ✓ Mete panno toupre pèsònèl pou men yo ki di men ki sal yon fason vizib dwe lave avèk savon ak dlo; dezenfektan pou men pa mache byen sou men ki sal yon fason vizib. ✓ Mete veso toupatou nan etablisman an pou jete bagay sal, pami yo PPE. ✓ Fè pèsònèl, ki vizib pou kliyan ak vizitè yo, ke yo dezinye pou netwayaj ak dezenfeksyon remonte mekanik yo, gondòl yo, ak lòt sifas yo touche anpil yo.

WEAR A MASK.


GET TESTED.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York

Direktiv pou Enstalasyon Eski pou Anplwayè ak Anplwaye yo



NEW
YORK
STATE

Enstriksyon sa yo aplike pou tout etablisman ski yo (1) ki opere nan pant montay yo, nan fon yo, oswa zòn oswa atikivite ki gen rapò ak ski yo, (2) ki opere ekipman, tankou remonte mekanik ak remòkè yo, ak/oswa (3) ki bay sèvis manje ak bwason, sèvis lokasyon ekipman yo, ak sèvis enstriksyon ski yo. Estasyon ski yo dwe genyen pèsònèl ki disponib pou asire konfòmite avèk pwovizyon direktiv sa a. Gade "[Direktiv Pwovizwa pou Enstalasyon Eski yo pandan COVID-19](#)" (Interim COVID-19 Guidance for Ski Facilities) pou detay konplè.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyetè/operatè enstalasyon eski yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman egzijans eta a ak federal ki gen rapò ak enstalasyon eski yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Objektif enstwiksyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Kominikasyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Afime ke ou te revize e konprann enstriksyon eta a te pibliye sou endistri a, epi w'ap aplike yo. ✓ Ankouraje moun yo respekte direktiv CDC ak DOH yo sou itilizasyon PPE, sitou nan zafè kouvri figi, gras a kominikasyon pale ak panno. ✓ Afiche siyalizasyon anedan tankou deyò tout etablisman ski a pou raple anplwaye ak kliyan yo pou yo respekte ijyèn nòmal la, prensip distans sosyal yo, itilizasyon nòmal PPE yo, ak pwotokòl netwayaj/dezenfeksyon. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Elabore yon plan kominikasyon ki gen ladan enstriksyon, fòmasyon, endikasyon ki aplikab yo ak enfòmasyon. Reflechi sou elabore paj wèb, gwoup tèks ak imèl, ak kanpay medya sosyal yo.
Depistaj	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Aplike pratik depistaj sante obligatwa chak jou pou anplwaye yo, epi kote sa posib, pou antreprenè ak founisè yo, men depistaj sa a pa dwe obligatwa pou kliyan yo an jeneral ak pou pèsònèl livrezon an; <ul style="list-style-type: none"> • Eksepte pou kliyan ki angaje nan leson ski an gwoup oswa prive pou granmoun oswa timoun yo oswa aktivite an gwoup yo, ki dwe konplete depistaj sa a avan yo antre nan etablisman ski a ak avan nenpòt aktivite enstriksyon oswa ski. ✓ Yo dwe konplete depistaj la nan itilize yon kesyonè ki mande, ominimòm, si moun lan: konnen li te an kontak sere nan 14 jou pase yo avèk nenpòt moun ki te teste pozitif pou oswa ki te genyen sentòm COVID-19 yo; (b) te teste pozitif pou COVID-19 atravè yon tès dyagnostik nan 14 jou pase yo; (c) te eksperimante nenpòt sentòm nan 14 jou pase yo; ak/oswa (d) te vwayaje nan yon Eta oswa konte ki genyen pwopagasyon kominotè pandan plis pase 24 èdtan nan 14 jou pase yo. ✓ Gade konsèy vwayaj DOH la pou enfòmasyon ki pi resan sou eta yo ki gen gwo pwopagasyon COVID-19 ak egzijans karantèn yo. ✓ Egzije anplwaye yo devwale touswit si respons yo a nan kesyonè a chanje, tankou si yo devlope sentòm yo, pandan oswa apre èdtan travay yo. ✓ Asire ke yo pa pèmèt moun ki depiste pozitif pou sentòm yo antre nan etablisman an epi ke yo dwe voye anplwaye ki depiste pozitif yo lakay yo avèk enstriksyon pou kontakte founisè swen sante yo a pou evalyasyon ak tès. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Reyalize depistaj adistans yo, avan moun yo rapòte bay etablisman ski a, nan mezi sa posib. ✓ Anpeche moun yo melanje nan kontak pwòch oswa dirèk youn ak lòt anvan depistaj la fini. ✓ Verifikasyon tanperati ka fèt tou dapre Komisyon pou Egalite Chans nan Zafè Anplwa (Equal Employment Opportunity Commission) oswa enstriksyon DOH yo.

WEAR A MASK.


GET TESTED.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York

Direktiv pou Enstalasyon Eski pou Anplwayè ak Anplwaye yo



NEW
YORK
STATE

Enstriksyon sa yo aplike pou tout etablisman ski yo (1) ki opere nan pant montay yo, nan fon yo, oswa zòn oswa ataktivite ki gen rapò ak ski yo, (2) ki opere ekipman, tankou remonte mekanik ak remòkè yo, ak/oswa (3) ki bay sèvis manje ak bwason, sèvis lokasyon ekipman yo, ak sèvis enstriksyon ski yo. Estasyon ski yo dwe genyen pèsònèl ki disponib pou asire konfòmite avèk pwovizyon direktiv sa a. Gade "[Direktiv Pwovizwa pou Enstalasyon Eski yo pandan COVID-19](#)" (Interim COVID-19 Guidance for Ski Facilities) pou detay konplè.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyete/operatè enstalasyon eski yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman egzijans eta a ak federal ki gen rapò ak enstalasyon eski yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Objektif enstwiksyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Depistaj (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Asire ke nenpòt pèsònèl ki ap reyalize depistaj yo pwoteje kòrèkteman kont ekspozisyon ak anplwaye ki potansyèlman enfektye ki ap antre nan etablisman ski a. ✓ Notifye depatman sante Eta a ak lokal yo sou nenpòt ka COVID-19 pozitif konfime imedyatman. ✓ Dezinye yon pwèn kontak santral, ki responsab pou resevwa ak ateste ke li te revize tout repons kesyonè yo, avèk kontak sa a ke yo idantifye tou kòm pati pou moun yo enfòmè si yo genyen sentòm yo. ✓ Kenbe yon rejis enskripsyon (sa vle di, done enskripsyon yo) pou chak moun, gen ladan anplwaye yo, kliyan yo, epi kote sa pratik, antreprenè ak vandè yo, ki gendwa te genyen kontak sere avèk lòt moun yo nan espas travay oswa zòn lan; san livrezon yo reyalize avèk PPE oswa pa mwayen san kontak yo. <ul style="list-style-type: none"> • Journal la dwe gen ladan enfòmasyon kontak, ki gen ladan non konpèl adrès, ak nimewo telefòn chak moun, pou ke yo ka idantifye, trase, ak avize tout kontak sa yo pou si gen yon ka COVID-19 ki pozitif. ✓ Sizoka yon moun ki te entèaji nan etablisman ski a te teste pozitif, kopere avèk depatman sante Eta a ak lokal jan yo egzije sa pou trasaj kontak yo. 	

WEAR A MASK.

GET TESTED.

SAVE LIVES.